

Fich enfòmasyon pou planifikasyon tranzisyon pou edikasyon espesyal

Kisa Planifikasyon tranzisyon ye ?

Lalwa federal konsènan Moun ki gen Andikap (IDEA) rekonèt enpòtans pou prepare elèv ki andikape yo pou yo reyisi aprè lekòl segondè, epi l deklare ke planifikasyon pou tranzisyon sa a pou elèv ki resevwa sèvis edikasyon espesyal yo epi ki gen yon Pwogram edikasyon endividyèl (IEP) dwe kòmanse lè elèv la gen 16 an pou pi ta. Eta Nouyòk la egzije pou planifikasyon pou tranzisyon an kòmanse nan laj 14 an. IDEA detaye egzijans sou sèvis tranzisyon yo pou elèv ki andikape yo, ki dwe adrese nan premye IEP ki pral antre an vigè lè elèv la gen 16 an oswa pi jèn ke sa (14 an nan Nouyòk) si Ekip IEP a jije sa bon. Sèvis tranzisyon yo nan IEP a dwe mete ajou chak ane. Ekip Sipò ki Baze nan Lekòl yo gen responsablite pou travay ak elèv yo pou kreye Plan Tranzisyon an. Planifikasyon tranzisyon an vle di evalye bezwen, pwèn fò ak kapasite ki nesèsè pou elèv yo tranzisyon de lekòl segondè nan lavi aprè lekòl segondè, epi yo dwe asire ke elèv yo byen prepare sou plan akademik ak fonksyonèl yo.

Poukisa Planifikasyon tranzisyon nesèsè pou lavi aprè lekòl segondè a ?

Tranzisyon an de lekòl segondè nan lavi aprè lekòl segondè a se youn nan tranzisyon ki pi enpòtan nan lavi yon elèv ki andikape. Lè yo fè planifikasyon sa a bonè, elèv yo reyisi pi souvan. Yon bon tranzisyon ede elèv yo atèn objektif pa yo nan domèn tankou anplwa, vi nan kominote a, epi twouve edikasyon siperyè oswa yon lòt fòmasyon aprè lekòl segondè a.

Kòman yon Pwosis de Evalyasyon yon tranzisyon mache ?

- **Nivo 1** : Chak elèv dwe resevwa yon evlasyon Nivo 1, ki dwe fèt lè elèv la gen 14 an, epi li dwe konprann yon antretyen ak elèv la, yon antretyen ak paran an / gadyen an ak yon antretyen ak pwofesè a. Si yon evalyasyon Nivo 1 pa sifizan, paran yo gen dwa mande yon Evalyasyon Nivo 2 oswa Nivo 3.
- **Nivo 2** : Yon evalyasyon Nivo 2, ki pa yon obligasyon pou fè, gen ladan yon evalyasyon vokasyonèl espesyalize ki evalye pwèn fò ak konpetans elèv la, epi li konprann yon seri aktivite pratik ki dire ant 3 ak 5 èdtan.
- **Nivo 3** : Yon evalyasyon Nivo 3, ki pa yon obligasyon pou fè nonplis, se yon evalyasyon metye konpreyansif ki fèt pa yon moun ki gen eksperyans nan domèn evalyasyon vokasyonèl, epi li bay nou yon opòtinite pou evalye konpetans sosyal elèv la nan yon anviwònman pwofesyonèl.

Pou jwenn plis enfòmasyon konsènan Pwosis evalyasyon tranzisyon yo, klike [ISIT](#) epi desann nan Seksyon 7, Paj 43.

A kilè diferan etap de pwosis Planifikasyon tranzisyon yo fèt ?

Lè n ap fè plan pou sèvis tranzisyon yo, li enpòtan pou kòmanse lè elèv la jèn. Sa bay lekòl la ase tan pou evalye ki sèvis ki pral plis ede elèv la, sou baz lavi ak objektif akademik elèv la. **Pwosis tranzisyon an dwe òganize pou reponn ak bezwen endividyèl chak elèv.** Men yon kalandriye pou ede nou konnen kilè pou kòmanse aranje sèvis tranzisyon yo :

Ant 14 ak 18 an

Nan moman sa yo pandan pwosesis tranzisyon an, li enpòtan pou kòmanse panse ak objektif epi bezwen elèv la pral genyen aprè l sòti nan lekòl segondè, pou nou ka kòmanse ede l jwenn sèvis ki pou sipòte elèv la epi pou ede l atèn objektif sa yo. Si nou enplike elèv yo nan pwosesis la, sa pral bay elèv la yon espri endepandans ak konesans sou dwa ak responsablite pa yo.

- Kòmanse pale sou plan tranzisyon yo nan chak reyinyon
- Se pou nou okouran de evalyasyon elèv la fè yo pou asire ke yo ajou
- Chèche lekòl segondè ak pwogram edikasyon espesyal ki pi byen reponn ak objektif ak bezwen elèv la genyen
- Pale ak Ekip Sipò ki Baze nan Lekòl la pou deside si elèv la pral resevwa yon **diplòm** epi si wi, kilès nan kalite diplòm sa yo elèv la pral travay pou l resevwa :
 - **Diplòm Regents yo** disponib pou elèv ki fè oswa ki depase nòt ki egzije nan egzam Regents yo.
 - **Diplòm Regents Avanse yo** disponib pou elèv ki devlopè konpetans adisyonèl nan matematik, lasyans ak lang etranjè ki pa anglè.
 - **Diplòm lokal yo** gen menm egzijans kou ansanm ak Diplòm Regents yo men yo pèmèt elèv yo gradye ak yon nòt ki pi ba sou egzamen yo, oswa avèk yon seri egzamen altènatif.

Pou jwenn plis enfòmasyon konsènan diplòm yo, klike [ISIT](#).

- Si elèv la p ap resevwa yon diplòm, detèmine kilès nan **Opsyon Non-Diplòm** sa yo (ki koni otreman sou non **Chemen Evalyasyon Altènatif**) ke elèv la ap fè pwogrè pou l resevwa :
 - o **Sètifika fen etid nan Devlopman karyè ak etid pwofesyonèl (CDOS)** — *nenpòt* elèv kapab resevwa sètifika sa a. Sètifika CDOS la rekonèt preparasyon elèv la te fè pou travay nan domèn pwofesyonèl epi yo gen dwa ba li l kòm sèl sètifika li resevwa nan fen etid segondè yo, oubyen ansanm ak yon diplòm tou, oubyen pou reponn ak youn nan senk egzamen Regents ki nesese pou gradye ak yon diplòm. **Pou aprann plis konsènan egzijans pou CDOS la, klike [ISIT](#)**
 - o **Sètifika fen etid pou Konpetans ak Reyalizasyon (SACC)** — se sèl elèv ki gen andikap serye ki ka jwenn sètifika sa a, epi li egzije omwen 12 an de kou (kindègadenn pa ladan), epi li rekonèt konpetans, pwèn fò ak nivo endepandans elèv la nan domèn aprantisaj akademik, devlopman pwofesyonèl epi konpetans fondamantal ki nesese pou viv, aprann epi travay aprè lekòl segondè a fini. **Pou aprann plis konsènan egzijans pou SACC la, klike [ISIT](#).**
 - o Ni CDOS la, ni SACC la pa ekivalan ak yon diplòm etid segondè. Yo pa egzije elèv yo pou jwenn kredi ni pase egzamen. Lè elèv yo gradye ak yon CDOS oswa yon SACC kòm sèl sètifika yo resevwa a (*se pa lè sa ansanm avèk yon diplòm etid segondè*), elèv yo p ap elijib pou yon anplwa ki egzije yon diplòm segondè, epi yo p ap elijib pou antre nan militè, epi yo p ap elijib pou antre nan anpil inivèsite ak lòt etablisman fòmasyon siperyè. Sepandan, elèv ki resevwa sètifika sa yo elijib pou kontinye asiste lekòl jiskaske yo jwenn yon diplòm etid segondè oswa jiskalafen ane eskolè lè yo gen 21 an (nenpòt nan de (2) sityasyon sa yo ki rive anvan).

18 an oswa plis

Nan moman sa a, pwogram, plan ak objektif yo pou elèv la ta dwe finalize, paske l ap prepare pou l fini ak lekòl segondè.

- Asire w ke evalyasyon elèv la yo ajou epi ke yo bay yon bon reprezantasyon de bezwen ak kapasite elèv la
- Kòmanse pran desizyon final konsènan plan akademik la, chemen pwofesyonèl la epi konpetans lavi esansyèl yo
- Eksplòre opsyon konkrè pou li aprè li fin gradye (Gade pwen pi ba yo pou w jwenn plis enfòmasyon)
- Kontakte pwogram elèv la ap panse fè yo aprè li fini ak lekòl segondè

Pou plis enfòmasyon, klike [ISIT](#) oswa rele nan 212-802-1500.

Ki ajans etatik ki endispansab pou ede ak tranzisyon sa a ?

- **ACCES-VR** — [Sèvis Karvè ak Edikasyon Kontini pou Majè-Revadaptasyon Pwofesyonèl de Eta Nouyòk \(ACCES-VR\)](#) – biwo sa a founi sèvis bay moun ki gen yon andikap, si se pa avèg li avèg oubyen si se pa yon lòt andikap vizyèl li genyen, epi si andikap sa a anpeche l jwenn, kenbe oswa avanse nan yon anplwa.
 - Klike [ISIT](#) pou wè etap ki nesèsè pou ranpli demann nan.
- **NYSCB** — [Komisyon Eta Nouyòk pou Moun ki Avèg yo \(NYSCB\)](#) – biwo sa a founi sèvis bay moun ki avèg oswa ki gen yon lòt andikap vizyèl pou ede yo jwenn travay pi fasil, maksimize nivo endepandans yo, epi ede yo devlope kapasite ak talan pa yo.
- **OPWDD** — [Biwo Eta Nouyòk pou Moun ki gen Andikap Devlopmantral \(OPWDD\)](#) - biwo sa a responsab pou kòwodone sèvis pou rezidan eta Nouyòk yo ki gen andikap devlopmantral, epi sa gen ladan andikap devlopmantral entelektiyèl yo. Sèvis OPWDD yo asire pa pwogram Medicaid eta Nouyòk la, ki finanse konjwentman pa leta federal ak etatik yo.
 - Klike [ISIT](#) pou w jwenn etap ki nesèsè pou ranpli demann nan.
 - [Jwenn sèvis atravè Pòt Dantre a](#) — Pòt Dantre a se fason OPWDD konekte moun ak sèvis yo bezwen oswa vle yo. Yon fwa yo twouve ke yon moun elijib pou jwenn sèvis OPWDD yo, yo lanse yon pwosesis de planifikasyon ki santre sou moun nan, epi sa ede kliyan an aprann plis konsènan diferan opsyon pou l aksede ak sèvis yo.
 - [Òganizasyon jesyon swen \(CCO\)](#) — Moun ki andikape ki elijib pou sèvis OPWDD yo gen opsyon pou yo enskri ak yon CCO, ki fèt pou bay yo yon sèvis planifikasyon swen ki santre sou moun nan, epi ki itilize yon rezo jeran swen ak founisè swen. Ajans CCO yo kapab kòwodone epi entegre swen primè, sèvis ijan ak sèvis sante konpòtmantal yo, epi konekte moun bay sèvis ak sipò ki genyen nan kominote a, lòjman, sèvis sosyal, sèvis famiyal epi lòt sèvis toujou.
- **OMH** — [Ofis Sante Mantal Eta Nouyòk la \(OMH\)](#) founi sèvis, ki gen ladan sèvis reyadaptasyon yo, pou moun ki gen bezwen sèvis pou sante mantal.
- **NYCMED** se sit wèb kote yon moun ka jwenn enfòmasyon sou kòman yo ka aksede ak sèvis sante piblik Vil Nouyòk la ofri yo.
 - Klike [ISIT](#) pou w jwenn etap pou fè yon demann pou w jwenn enfòmasyon ak sèvis.
 - Klike [ISIT](#) pou jwenn yon Repetwa Pwogram Sante Mantal yo.
- **SSA** — [Administrasyon Sekirite Sosyal la \(SSA\)](#) founi pwogram asistans lajan sa yo pou moun ki gen andikap.

- [Revni Sekirite Siplemantè \(SSI\)](#) — Èd sou fòm lajan pou moun ki andikape epi ki gen yon revni oswa byen ki limite epi ki gen yon andikap ki afekte kapasite yo pou fè yon travay « siyifikatif » pou reminerasyon.
- [Asirans Andikap Sekirite Sosyal \(SSDI\)](#) — Èd sou fòm lajan pou moun ki te fè peman nan sistèm Sekirite Sosyal la epi ki gen yon andikap ki afekte kapasite yo pou fè yon travay « siyifikatif » pou reminerasyon.
- **I IRA** — [Direksyon Resous Imen \(HRA\)](#) an founi avantaj esansyèl tankou manje, èd sou fòm lajan, kupon pou peye lwaye, epi Medicaid.
 - [Medicaid](#)
 - Timoun yo elijib pou jwenn sèvis Medicaid si yo resevwa SSI ak / oswa si yo reponn ak kritè elijibilite nan matyè revni, resous ak andikap.
 - Timoun ki gen mwens ke 18 an gen dwa elijib pou jwenn sipò ak sèvis Medicaid yo ke yo pa bay nòmalman atravè pwogram Medicaid estanda a, si yo gen yon Egzansyon de Medicaid.
 - Si yon timoun pa t elijib pou Medicaid anvan l te gen 18 an poutèt revni familyal li ki te two wo, fanmi an ta dwe fè yon nouvo demann Medicaid pou li lè timoun nan fin gen 18 an.

Ki opsyon priz desizyon nou ta dwe konsidere nan kad planifikasyon pou tranzisyon an ?

- [Pwokirasyon swen sante](#) — Sa a pèmèt yon moun, pandan li konpetan, pou l lonmen yon ajan pou pran desizyon konsènan swen lasante pou li yon fwa moun nan pa ka pran desizyon sa yo ankò poutèt pa li.
- [Pwokirasyon](#) — Sa a pèmèt yon moun, pandan li konpetan, pou l lonmen yon ajan oswa yon « fonde de pouvwa » pou pran desizyon sou byen yo, desizyon finansyè oswa lòt desizyon jiridik.
- [Priz desizyon asite](#) — Sa a pèmèt yon moun, pandan li konpetan, pou l lonmen yon moun ke yo ta renmen pou ede yo pran desizyon.
- [Titèl](#) — Sa pèmèt yon tribinal pou lonmen yon moun (gadyen an) pou pran desizyon pou yon moun ki andikape, si moun sa yo pa kapab pran desizyon pou tèt pa yo.

Ki opsyon planifikasyon finansyè nou ta dwe konsidere nan kad planifikasyon pou tranzisyon an ?

- [Fidisi pou bezwen siplemantè](#) — Se yon dokiman jiridik ki pèmèt yon moun kite lajan ak lòt aktif finansyè pou moun ki andikape, e pandan menm tan sa pèmèt moun nan toujou rete elijib pou jwenn avantaj nan men leta a tankou Medicaid.
- [Pwogram ABLE de eta Nouyòk la \(529 ABLE\)](#) — Sa a pèmèt moun ki andikape ak / oswa fanmi moun sa yo pou ekonomize lajan san peye taks pou reponn ak depans lavi kotidyen yo, san ke sa a pa afekte elijibilite moun nan pou resevwa avantaj nan men leta a.